### Robahan2 di Mekah ajeuna

tjek Oetoesan anoe ngabe meredja ti Mekah.

Memeh ngabeberkeun koemaha robahanana di Arab ajeuna, oerang nalek heula maneh, naha koedoe digoegoe atawa henteu, naha moepakat henteu djeung lelemboetan atawa djeung batin oerang. Eta sadaja terserah ka diri koe anoejeun. Teu hade kaboeroeboe ngapikeun ka pasea omong atawa ngahadja propaganda soepaja ngadiak teu rempoeg, noe kitoe kaasoep kana atoeran setan. Karana noe niembah ka Pangeran mah rea djalanna, saperti noe rek ka Tjirebon, teu beunang digeunggeureuhkeun doemeh make djalan ka Kroja atawa djalan Tjikampek oepamana keun bae napel? ngke oge moboeroeng tepi koemaha tekadna bae, tandekna doea hal ieu merdika, ten beunang maksa ka hidji kapertjajaan soepaja sina pertjaja anoe manehna teu kaharti ridona.

Kieu tjek oetoesan H.Mansoer tjaritana.

### Robahan di Masdjidil Charam.

#### Hal Imam.

Bareto djaman Sarief Hoesein hal imam di eta Masdjid, kieu:

W a k t o e S o e b o e h: imamna ti pihak madhab Safii, Maliki, Chambali djeung Hannafie.

W a k t o e L o h o r: imamna ti pihak madhab Chanafie, Safii, Maliki djeung Chambali.

W a k t o e A s a r: Imamna ti pihak madhab Chambali, Safii, Maliki djeung Chanafie

W a k t o e M a g r i b: Imamna ti pihak madhab Chambali djeung Safie.

W a k t o e I s a: Imamna ti pihak madhab Chanafie Safii, Maliki djeung Chambali

Ajeuna eta atoeran Imam teh robah kieu:

Asar Imamna ti pihak madhab Chambali djeung Safii.
Isa imamna ti pihak Madhab Chambali bae.
Soeboeh Imamna ti pihak madhab Chambali djeung Channafie.
Lohor imamna ti pihak madhab Chambali djeung Maliki.
Ari Sultan Ibn. Sa'oed sarta Rahajat Nedj eta kabeh ka Madhab Chambali, djadi salah pisan anoe njaritakeun madjar oerang Nedj ka Madhab Wahabi. Madhab anoe 3 deui oge masih dihalormat koe kaoem Nedj.
Di dieu ajeurihkeun ka sadaja timbangan noe ngadarangoe.

#### T e m p a t m o e r o e k.

Ti heula tjek eta oetoesan anoe maroeroek di Masdjid teh teu diatoer, estoe sasoekana bae, paboerisat saptari2 moerid-moeridna teu aja pangatoeran darioekna dina viner bae.

Ajeuna diatoer masing2 mimbar di oenggal dioeroe, nja di dinja tempatna para goeroe (Kjai) ngaka gawoelang bab agama.

Saperti Mimbar I tempatna di Baboessofa tiap2 tas Magrib atawa Isa diajakeun tambleg koe kaoem ti Hindia Inggris.
Mimbar II tempatna di Baboennabi, tiap2 tas Magrib djeung Isa koe saderek2 ti Misir
Mimbar III tempatna di Baboei mahkamah sonjah tiap2 tas Isa koe saderek2 ti Djawa (Hindia Timoer).
Mimbar 4 keur didjieun tempatna di Baboel Ibrohim
Mimiti moeka mimbar 3 noe terang mimiti ngadiar di eta mimbar nja eta H. Mansoer (oetoesan tea) saterasna diganti koe H. Saiaoedin Madjalengka, H. Soedja' Djokja, H. Moch Noerissin Malang d. l. l.
Saderek2 ti Hindia Timoer koe basa Malajoe djeung Arab, sapandjang riwajat tjek H. Mansoer, sanggeus 1300 taoen agama islam menjiar ka boemi kakara ajeuna bangsa oerang bisa koetbah ngadjar di MasdjidilCharom

#### Adan di moenara.

Bareto malah nepi ka kiwari memeh adan koedoe bae Tarchim djeung Taskir, ajeuna eta noe doea roepa teu dipake deui, teroes bae adan Djoemaah.

Bareto waktoe sembahjang Djoemaah saacan meh naek imbar Katib atawa imam matja heula ansitoe djeung diantara Chotbah 2 matja salawat.

Ajeuna eta batjaan henteu dipake, Katib atawa imam teroes bae ngadeg mere salam adan teroes Chotbah.

#### Batoe Djumat.

Bareto di balong leutik pipir Kaabah aja batoe orbin beureum sagede dampal leungeun koe sarerea sakoer hadji pada ngaletak eta bata, tjenah soepaja paseh (vlot) basa Arab.

Ajeuna dipitjeun, diganti koe marmer diratakeun djeung tembok, djadi teu aja letak-letakkan deui. Lamoen hajang paseh basa Arab mah koedoe getol bae diadjar.

#### Erdjamdjam

Bareto eta Erdjamdjam pareboet beurang peuting padesek2 nepi ka rea noe soesah pajah, ajeuna dipangnjieunkeun wawangoenan koe mota di kentja-katoehoe disajagikeun pirang2 gentong wadah tjaina (erdjamdjam tea) atoeh ngadjadikeun senangna ka sarerea,

#### Taraweh Poeasa

Bareto taraweh teh sababaraha imam teu diatoer (aing aing) tarawehna 20 rakaat.

Ajeuna imamna hidji bae, dibagi ka anoe 4 madhab teh, rakaatna 20 noe 10, 18 30 koemaha patokan ti djoeng djoengan oerang K. N. Moehamad S. a. w.

Ieu kabeh robahan geus dimoesawaratkeun koe sakabeh oelama di Mekah. Nadjan kitoe masih bisa narima timbangan ti saha baé hajang ngarobah deui asal aja alesan2 anoe sampoerna njamboeng kana patokan agama.

Oepama bae eta sadaja robahan aja noe teu matak njenangkeun ka kaoem Hindia koedoe geuwat mere soerat ka Moesawaratan Oelama di Mekah,soepaja ditimbangkeun djalan noe englena kapanggih persaderekan kaoem Islam sadoenja, oelah beda2 sing kekel lahir batin.

Pamandangan di loear Masdjidil' Charam,

D j a r a n k a k o e b o e r a n,

aja samboenganana.

---

### B a b K i t a b.

Noe kapendak koe djisim koering anoe digedekeun [dikoebrakeun] teh anoe njatjamos bab elmoe „paqih" bae nja eta bab soesoetji, sarat sah soesnetji, soenat, wadjib, batal sareng haram sakoer kaperloean elmoe „sareat bebakoena"

Ari kitab paqih teh perdoe kipajah sanes perdoe aen, hartosna: dina hiji kampoeng noe terang kana elmoe paqih ngan saoerang oge, anoe matak eta djalma bisa njeekoepan ka sakampoeng eta kasalametanana, hartina teu koedoe bisa (pinter) oenggal sirah, kitoe emoetan djisim koering oepami teu lepat.

Demi kitab [elmoe oesoel] perdoe aen, hartina perloe oenggal sirah bisa, doraka ka sakabehna oepama teu kitoe tea.

Toedjoeanana „oesoel" tea njaritakeun: „asal-oesoel" oerang ti wiwitanana ngadjadi nepi ka goemelar sakieu, teroes ka wekasan maot; nja babakoena mah njaritakeun elmoe: haqeqat sareng kamaripatan; ngaboekakeun „hidjab".

Kitab oesoel teh roepa2, aja oesoel: Sanoesi, oesoel loedin sareng oesoel aolia.

Noe sajaktosna oesoel teh sabraha roepi?

Dina oesoeloedin oepami teu lepat aja basa kieu: Wadjiboe moekalipin marpatoellohi taala liana maripa-

Z.O.Z

